

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION

SOCIAL STUDIES—GRADE 8

OBJECTIVE & CONSTRUCTED RESPONSE
BOOKLET 1

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

REPONS KI OBJEKTIF AK KONSTWI

7 JEN 2006

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy pi wo a.

Tès la gen twa pati. Pati I ak II nan livrè sa a; Pati III nan livrè nimewo 2 a.

Pati I genyen 45 kesyon ak chwa miltip. Mete repons kesyon ou yo nan fèy repons lan. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II konpoze ak plizyè kesyon ki mande repons kout. Ekri repons Pati II ou yo nan livrè tès sa a.

W'ap genyen inèdtan edmi $1\frac{1}{2}$ pou reponn **tout** kesyon nan Livrè 1.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Copyright 2006

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT

ALBANY, NEW YORK 12234

Pati I

DIREKSYON

Genyen 45 kesyon nan Pati I tès la. Chak kesyon gen kat chwa repons, ki nimewote 1-4. Li chak kesyon ak atansyon. Deside ki mo oubyen ki ekpresyon, nan sa yo bay yo, ki pi ale ak deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Sou fèy repons lan, pou ou ka make repons kòrèk la, ranpli ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a sou liy ti sèk ki genyen pou chak kesyon yo. Itilize yon kreyon pou make fèy repons lan.

Li egzanp kesyon pi ba a.

Egzanp Kesyon

Ki vil ki se kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Wachintonn, D.C
- (3) Vil Nouyòk
- (4) Filadèlfia

Repons kòrèk la se **Wachintonn, D.C.**, ki se chwa nimewo **2**. Sou fèy repons lan, gade bwat ki montre liy ki gen ti sèk repons yo pou kesyon egzanp lan. Kòm chwa nimewo **2** a se repons kòrèk pou kesyon egzanp lan, ti sèk nimewo **2** a ranpli.

Reponn tout kesyon nan Pati I yo menm jan an. Ranpli yon ti sèk sèlman pou chak kesyon. Si ou vle chanje yon repons, fòk ou si ou efase li komplètman. Ou gendwa pa konnen repons pou tout kesyon yo, men fè tout efò ou kapab ak chak kesyon.

Lè ou fini pati I, ale touswit nan Pati II.


Pati I

Reponn tout kesyon yo nan pati sa a.

- 1 Ki fraz ki pi byen defini tèm *kilti* a?
- bagay atizana ansyen pèp yo te kite
 - entèaksyon plant ak bèt nan yon anviwonman natirèl
 - yon fason yo viv manm nan yon soyete pataje
 - premye fason yo rakonte yon istwa

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 2 ak 3 yo.

Nivo yon pi Akeyolojik nan Amerikdinò



- 2 Nan ki nivo pi a yon akeyolojis ta dwe espere jwenn bagay ki pi nouvo yo?
- Nivo 1
 - Nivo 2
 - Nivo 3
 - Nivo 4

- 3 Moun ki te kite dèyè bagay yo jwenn nan Nivo 3 a te pi posib
- agrikiltè ki gen siksè
 - chasè primitif
 - fè pati yon soyete endistriyèl
 - viv sou komès

- 4 Yon fason Aztèk, Enka, ak Maya yo te sanble sete
- yo te travèse Lwès Emisfè a apati Lafrik
 - yo te devlope sivilizasyon evolye anvan Kolon (Columbus) te rive
 - yo te tabli yo nan dezè nan sidwès Etazini
 - yo pa te kite okenn prèv pou ede nou konpran kilti yo

- 5 Kisa ki te rezon prensipal premye moun ki te tabli nan koloni Plymouth, Maryland ak Pennsylvania yo pou te vini Lamerik?

- pou asire libète anba pèsekisyon relijyez
- pou chèche lò ak lajan
- pou konvèti Endyen Ameriken yo nan Kretyènte
- pou mennen epis nan Nouvo Monn la


- 6 Ki tit ki pi byen ale ak deskripsyon an pati ki anba a?

- I.
- Ewopeyen yo tabli koloni yo nan Amerikdinò.
 - Milye Endyen Ameriken yo mouri ak maladi.
 - Esklav Afriken rive nan Lamerik.
 - Manje ki sòti Lamerik rantre nan Lewòp.

- Kòz Kolonizasyon Angle a
- Konsekans Eksplorasyon Lamerik
- Kontribisyon Kiltirèl Endyen Ameriken yo
- Dekouvèt Pasaj Nòdwès la

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 jiska 9 yo.

Karakteristik Trèz Koloni yo



7 Ki pati nan trèz koloni yo gwoup A a reprezante?

- (1) rejyon fwontyè
- (2) Nouvo koloni Angle yo
- (3) koloni ki nan mitan yo
- (4) koloni sid yo

8 Ki pi gwo ekspòtasyon kolon nan gwoup C yo te konn fè?

- (1) lwil reken ak lajan
- (2) pòmdetè ak pwason
- (3) twal ak te
- (4) tabak ak diri

9 Diferans ant twa gwoup yo ki nan dyagram nan te sitou egziste akòz

- (1) kondisyon jeyografik yo
- (2) relasyon yo ak Langletè
- (3) kwayans politik yo
- (4) pratik relijyez

10 Nan koloni Ameriken yo bòykòt te yon fason efikas pou leve kanpe kont politik Angle yo sitou paske bòykòt yo


- (1) te fini ak komès nan koloni yo
- (2) te fose Langletè pou retire pi fò twoup yo
- (3) te anpeche lòt nasyon Ewopeyen yo jwenn pwodwi
- (4) te lakòz pwoblèm ekonomik pou machann Angle yo

11 Ki deklarasyon ki pi byen dekri prensip federalis la?

- (1) Prezidan an gen pouvwa pou mete veto sou pwojè lwa yo.
- (2) Kongrè a divize an de chanm.
- (3) Lakou Siprèm gen pouvwa pou pase men nan lwa yo.
- (4) Pouvwa a divize ant eta yo ak gouvènman nasyonal la.

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 ak 13 yo.

Politik kolonyal Angle yo



Sous : Stephen Bronz et al., *Challenge of America*, Holt, Rinehart and Winston (adapte)

12 Premye objektif politik yo montre nan desen an sete pou

- (1) bay kolon Ameriken yo yon pi gran otonomi
- (2) pèmèt Gran Bretay ogmante resèt yo epi kontwole komès
- (3) ankouraje imigrasyon nan koloni yo
- (4) ankouraje Ameriken yo pou fè komès ak lòt peyi Ewopeyen yo

13 Politik yo ki montre nan desen an te mennen nan

- (1) eklatman lagè Fransè ak Endyen an
 - (2) komès Angle a pran pye nan trèz koloni yo
 - (3) kòmansman Revolisyon Amerikèn nan
 - (4) adopsyon Òdonans Nòdwès la
-

14 Sistèm kontwòl ak ekilib te rantre nan Konstitisyon an pou

- (1) bay yon metòd pou chanje dokiman an
- (2) bay votè yo yon vwa nan pwosesis lejislatif la
- (3) asire yon branch nan gouvènman an pa vin gen twòp pouvwa
- (4) pèmèt jijman fèt ak manm jiri nan tout kaivil ak kriminèl yo

15 Ki pati nan gouvènman federal la ki plis afekte dirèkteman ak rezulta resansman federal la?

- (1) Chanm Depite yo
- (2) Lakou Siprèm
- (3) kabinè prezidan an
- (4) Sena Etazini an

16 Pou genyen sipò pou ratifikasyon Konstitisyon Etazini an Federalis yo te dakò pou

- (1) bay tè nan lwès yo te reklame yo
- (2) limite enpòtasyon esklav
- (3) ajoute yon deklarasyon dwa nan dokiman an
- (4) bay tout gramoun gason blan dwa pou yo vote

17 Achte Lwizyann te enpòtan pou kwasans Etazini akòz li

- (1) te double gwosè peyi a
- (2) te bay nasyon an kontwòl sou Gran Lak yo
- (3) fini ak ekspansyon deriv nan lwès Amerik la
- (4) te mennen California nan Inyon an

18 Chemenfè anba tè a te devlope nan lane 1840 pou

- (1) fè pase machandiz ilegal nan peyi a
- (2) ede esklav ki sove jwenn libète
- (3) bay yon fòm transpòtasyon ki pa chè
- (4) anpeche moun ki ilegal rantre nan peyi a

19 Konvansyon Otòn Seneka a nan lane 1848 te yon evenman enpòtan nan istwa Etazini akòz li

- (1) te sipòte Konpwomi Missouri a
- (2) te premye rankont sendika nasyonal travayè
- (3) te bay Etazini nouvo teritwa nan lwès
- (4) te yon pa enpòtan nan mouvman dwa fanm yo


- 20 Pandan lane 1840 yo, lide Manifest Destiny a te itilize pou
- mande menm dwa pou Afriken Ameriken
 - sipòte ekspansyon deriv lwès la nan Pasifik la
 - kritike tretman gouvènman an te bay Endyen Ameriken yo
 - pwolonje esklavaj nan Nouvo Angletè a
- 21 Kilès nan Gè Sivil sa yo ki te fèt anvan?
- batay Gettysburg la
 - tire sou Fò Sumter a
 - asasina Prezidan Lincoln la
 - Proklamasyon Emannsipasyon an
- 22 Kòmanse nan fen lane 1800 yo, taks sou vot, egzamen pou wè si ou konn li ak klòz granpè yo te sèvi pou
- pwoteje dwa sivil enpòtan
 - amelyore edikasyon piblik
 - anpeche Afriken Ameriken vote
 - limite imigrasyon
- 23 Prensip "separe men egal la" Lakou Siprèm te tabli nan ka *Plessy kont Ferguson* nan lane (1896) te vin lakòz
- pwolonjman segregasyon rasyal
 - fòse entegrasyon lekòl yo nan Sid la
 - Afriken Ameriken yo pèdi sitwayènte yo
 - eliminasyon lwa Jim Crow yo
- 24 Ki enpak ekonomik ki te plis enpòtan chemenfè transkontinantal yo te genyen nan fen lane 1800 yo?
- eliminasyon komès lòt bò dlo ak Lewòp
 - ekstansyon komès ant eta yo nan tout peyi a
 - diminye enflyans gwo biznis yo
 - rekonstriksyon rapid Sid la apre Lagè Sivil la
- 25 Nan fen lane 1800 yo, ibanizasyon rapid te sitou rezulta
- tè ki te manke pou novo fèm
 - pwojè redevelopman vil ak lajan federal
 - konsekans endistriyalizasyon
 - migrasyon ansyen esklav nan Lwès
- 26 Yon gran objektif ak Lwa Antitrust Sherman nan se te
- anpeche fòmasyon monopòl nan biznis
 - limite enpòtasyon ki sòti nan nasyon etranje yo
 - fikse yon bon pri pou machandiz faktori yo
 - pwoteje konsomatè yo kont pwodwi danjere
- 27 Pandan È Pwogresif la (1900-1920), denonsé te pi konnen pou
- fòme novo pati politik
 - òganize manifestasyon ak mach yo
 - sèvi nan Kongrè ak nan palman eta yo
 - pibliye aksyon danjere biznis yo ak gouvènman an
- 28 Nan lane 1899-1900 yo, ki sa ki te objektif Etazini lè li te kòmanse politik Pòt Louvri li a ak Lachin?
- defann novo teritwa Azyatik li yo
 - pwoteje Lachin kont yon envazyon Japonè
 - asire dwa komès egal pou tèt li
 - kanpe enpòtasyon machandiz ki pa chè nan men Lachin
- 29 Etazini te vin rantre nan Premye Gè Mondyal la sitou akòz
- istwa eggajere jounalis jòn yo
 - utilizasyon san limit lagè soumaren
 - yon atak dirèk yon baz militè Ameriken
 - angajman yo li te pran devan Nasyonzini

- 30 Prezidan Woodrow Wilson te vle fòme Lig Nasyon yo pou

- (1) anpeche lagè yo nan lavni
- (2) kreye yon òganizasyon komès mondal
- (3) devlope plan militè pou genyen Premye Gè Mondyal la
- (4) pouse lòt nasyon yo sipòte Etazini nan Premye Gè Mondyal la

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 ak 32 yo.

Lavant machin, lane 1921-1929



Sous : Lorna Mason et al.,
America's Past and Promise,
McDougal Littell, 1998 (adapte)

- 31 Dapre graf la, pi gran ogmantasyon nan vant machin te fèt ant

- (1) 1921 ak 1923
- (2) 1923 ak 1925
- (3) 1925 ak 1927
- (4) 1927 ak 1929

- 32 Enfòmasyon nan graf la montre an premye enfliyans

- (1) Gran Depresyon an
- (2) ogmantasyon enpòtasyon etranje yo
- (3) teknik pwodiksyon an mas
- (4) sistèm transpòtasyon piblik yo

- 33 Ki lwa Nouvo Trete ki te etabli yon sistèm asirans chomaj ak pansyon pou travayè ki pran retrèt yo?

- (1) Lwa sou Nòm Travay Jis yo
- (2) Lwa Nasyonal sou Relasyon nan Travay
- (3) Lwa Nasyonal Retablisman
- (4) Lwa sou Sosyal Sekirite

- 34 Nan ki zòn Etazini Bòl Pousyè lane 1930 yo te pase?

- (1) Nòdè
- (2) Sidè
- (3) Gran Plèn yo
- (4) Nòdwès Pasifik

Sèvi ak afich anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 la.



*Mwen fyè...mari mwen
vle mwen jwe wòl pa mwen*

ALE NAN SEVIS TRAVAY AMERIKEN PA OU
KOMISYON TRAVAYÈ LAGÈ

Sous : John Newton Hewitt,
War Manpower Commission, 1944

- 35 Afich sa a te sèvi pandan Dezyèm Gè Mondyal pou

- (1) promoson vant obligasyon pandan lagè
- (2) fè sitwayen yo sonje pou konsève pandan lagè a
- (3) angaje fanm yo pou sèvi nan lame
- (4) ankouraje fanm yo pou chèche travay nan faktori ki nan domèn lagè aindustries

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.


Kèk aksyon Etazini nan Ameriklatin nan lane (1904-1934)

Dat	Lokasyon	Aksyon Etazini
1904	Zòn Kanal	Kòmansman kontwòl Etazini
1906–1909	Kiba	Okipasyon militè pou voye je sou refòm nan vòt yo ak sou eleksyon
1912–1933	Nikaragua	Okipasyon militè pou kenbe lòd
1913	Ondiras	Debakman Marin pou pwoteje pwopriyete Etazini
1914	Meksiko	Okipasyon Verakwouz pou kanpe enpòtasyon zam etranje
1915–1934	Ayiti	Okipasyon Militè peyi a tankou yon pwotektor Etazini

Sous : Farran and Wattman, *New York and the Nation*, AMSCO (adapte)

- 36 Ki tèm ki dekri ak plis presizyon aksyon Etazini yo montre nan tablo a?
- | | |
|-----------------------------------|----------------------------------|
| (1) izolasyonis
(2) imigrasyon | (3) netralite
(4) entèvansyon |
|-----------------------------------|----------------------------------|
-
- 37 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, gouvènman federal la reyaji ak mank divès machandiz konsa
- | | |
|--|---|
| (1) ogmante pri yo pou ogmante demann achtè yo
(2) bay pa ti kras kèk pwodwi
(3) ogmante enpòtasyon lè gen mank
(4) enpoze yon taks nasyonal sou vant | 40 Yon objektif prensipal mouvman dwa sivil yo nan lane 1950 ak 1960 yo se te |
|--|---|
- (1) fini ak segregasyon rasyal
 (2) redwi prejije kont imigran yo
 (3) refòme kondisyon prizon yo
 (4) amelyore kondisyon lavi Endyen Ameriken yo
- 38 Lagè Fwad la te devlope tou swit apre lafen Dezyèm Gè Mondyal akòz
- | | |
|---|--|
| (1) rezulta jijman Nuremberg yo
(2) Olokos pandan Dezyèm Gè Mondyal la
(3) batay pou kontwòl Japonè yo sou Lachin
(4) objektif Etazini ak Inyon Sovyetik yo ki pa menm | 41 Yo te konnen Harriet Tubman ak Harriet Beecher Stowe pou sipò yo te bay |
|---|--|
- (1) mouvman Popilis la
 (2) mouvman abolisyonis la
 (3) lwa Jim Crow yo
 (4) lwa sou esklav ki sove
- 39 Plan Machal la (Marshall Plan) te bay èd ekonomik apre Dezyèm Gè Mondyal la pou te kapab
- | | |
|---|--|
| (1) ranfòse nasyon Ewòp Lwès yo kont kominis
(2) kore solda yo k ap retounen nan lavi sivil
(3) ede Japon rekonstwi domaj bonm atomik yo te lakòz
(4) ogmante nivo lavi nan Lazi ak Lafrik | 42 “Tippecanoe ak Tyler Tou”
“Nou renmen Ike”
“Ale nèt ak LBJ” |
|---|--|
- Tout slogan sa yo te asosye ak
- | |
|--|
| (1) lagè sivil yo
(2) ekspansyon deriv lwès la
(3) mouvman dwa sivil yo
(4) eleksyon prezidansyèl |
|--|

Sèvi ak karikati anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 ak 44 yo.



Sous : J.R. Thornton, *Republican Journal*, Belfast, Maine (adapte)


43 Dapre karikati a, ki faktè ki responsab plis lapli asid ki tonbe nan Nòdès la?

- | | |
|---|---|
| (1) rechofman planèt la
(2) polisyon oseyan an | (3) faktori nan Mitan Lwès yo
(4) vil laj sou Kòt Lès yo |
|---|---|

44 Moun ki fè karikati a te mete yon siy "Pa deranje" sou Washington, D.C., pou fè pwen sa at

- | |
|--|
| (1) lapli asid se yon pwoblèm entènasyonal
(2) polisyon lè a se yon pwoblèm tou nan eta ki nan mitan lwès yo
(3) eta nòdès yo pa vle rekonèt danje polisyon lè a
(4) gouvènman federal la pa te jere byen pwoblèm lapli asid la |
|--|

Sèvi ak karikati ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 la.



Sous : Schwartz and O'Connor, *Exploring American History*,
Globe Book Co. (adapte)

45 Dapre karikati sa a, gouvènman federal la te plis sanble

- (1) rekonèt nesesite pou ogmante depans nan pwogram lespas yo
 - (2) jwenn yon fason pou ogmante depans nan swen sante
 - (3) ap peze kou pwogram lespas yo kont bezwen domestik
 - (4) ap koupe èd etranje pou kapab balanse bidjè nasyonal la
-

ALE NAN PAJ ANNAPRE A ↗

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Pati II

Eksplikasyon: Ekri repons ou yo ak késyon ki vin apre yo nan espas yo bay nan ti liv egzamen an.

Sèvi ak ekstrè anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 1 jiska 3.

Atik yo chwazi nan Atik Konfederasyon yo

Atik I.	“Mòd Konfederasyon an ta dwe ‘Etazini Amerik.’”
Atik II.	“Chak eta gen dwa granmoun yo, libète ak endepandans yo, epi tout pouvwa, jiridiksyon, ak dwa, ki pa bay pa konfederasyon sa a ki reprezante volontèman nan Etazini, nan asanble Kongrè a.”
Atik III.	“Eta ki site la yo rantre danble nan yon lig amitye fèm yonn ak lòt, pou defans yo ansanm, pou sekirite libète yo, ak byennèt yo ansanm epi jeneral, kole tèt yo pou asiste yonn lòt, kont tout fòs, oubyen tout atak ki ta fèt sou yo, oubyen nenpòt nan yo, sou baz reliyion, dwa granmoun yo, komès, oubyen nenpòt lòt pretèks. . .”

— Atik Konfederasyon yo (1781)

1 Dapre Atik I an, ki fòm gouvènman Etazini te etabli ak atik sa yo? [1]

Score

2 Identife **de** avantaj eta yo te genyen anba fòm gouvènman sa a. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

3 Site **de** rezon Konstitisyon Etazini an te ranplase fòm gouvènman sa a. [2]

(1) _____


Score

(2) _____

Score

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6 yo.

**Twoup Lagè Sivil yo ak Lanmò yo nan Lagè,
lane 1861-1865**



Sous : E. B. Long and Barbara Long, *The Civil War Day by Day: An Almanac, 1861–1865*, Doubleday & Co. (adapte)

- 4 Dapre enfòmasyon nan graf sa a, bay **yon** avantaj Inyon an te genyen sou Konfederasyon an pandan Lagè Sivil la. [1]
-
-

Score

- 5 Anviwon konbyen twoup Konfedere te mouri pandan Lagè Sivil la? [1]
-
-


Score

- 6 Bay **yon** rezon lanmò akòz maladi ak enfeksyon te pi gran pase lanmò sou chan batay pandan Lagè Sivil la. [1]
-
-

Score

Sèvi ak karikati anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 jiska 9 yo.

Travay Timoun



Kisa ou pral fè sou sa?

Sous : Fredrikke Palmer, *Women's Journal and Suffrage News*,
1916 (adapte)

- 7 Ki premye pwoblèm karikati a montre? [1]

Score

- 8 Dapre karikati a, idantife **de** faktè ki te plis responsab pwoblèm karikati a montre a. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

- 9 Idantife **yon** gwoup moun ki te ede kreye sitiyasyon yo montre nan karikati a. [1]

Score

Sèvi ak lèt anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 jiska 12 yo.

6 Sektanm, 1945

Chè Prezidan Truman:

Lèt sa a fè referans ak sitiyasyon chomaj nan Long Island, Nouyòk. Kounye a nou gen lavikta epi lagè a fini, pa gen travay ak yon salè ou ka viv ki disponib.

Mwen te premye fanm Grumman Aircraft Engineering Corp. te anplaye nan mwa Mas lane 1942; kounye a mwen konprann Kòporasyon Grumman nan p ap anplaye ankò okenn fanm nan atelye yo.

Sèl travay ki louvri pou fanm se travay nan biwo ki peye yon salè mwayen ant \$20.00 ak \$22.00 pa semèn. Mwen se yon vèv ki gen yon manman ak yon ptit pou mwen sipòte epi mwen pa gen lòt mwayen revni. Mwen peye \$45.00 pa mwa pou lwave san gaz ak limyè epi pou kounye a pa gen kote ki mwen chè ou kapab lwe nan Long Island.

Sa a se kondisyon yo, kidonk mwen pa kapab viv sou \$22.00 salè pa semèn.

Se pa pitye ki fè mwen ekri ou, men mwen ta renmen konnen poukisa, apre mwen sèvi yon konpayi ak bòn fwa pou prèsk 3 1/2, kounye a li enposib pou jwenn travay ak yo. Mwen se yon tou alamen epi mwen te klase kòm yon travayè ki gen talan, men senpman poutèt mwen se yon fanm yo pa vle mwen.

Tanpri voye je sou pwoblèm nan pou mwen epi wè si fanm yo ki konsidere kòm chèf fanmi an jwenn menm konsiderasyon ak gason yo.

An tout senserite,
Ottalie Juliet Gattuso
30 Shepherd Avenue
Lynbrook, Nouyòk

Sous : Achiv Nasional

10 Ki sitiyasyon ki konsènen fanm moun ki ekri lèt la ap pwoteste? [1]

Score

11 Site **de** prèv moun ki ekri lèt la bay pou sipòte demann li ya. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

12 Bay **yon** rezon posib Kòporasyon Grumman nan te kapab itilize pou jistifye aksyon li yo. [1]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____